

Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE TRAVAYÈ YO ANBA VÒL SALÈ NAN MEN KONPAYI AK RESPONSABILITE LIMITE YO

Nouvo Lwa a Asire ke LLC Domestik ak Etranje yo Responsab pou Salè yo Pa Peye yo Dwe Anplwaye yo

Lejislasyon ke Gouvènè a te Pwopoze nan Kad Diskou sou Eta Eta a an 2017

Cuomo: "Mezi sa a fèmen yon brèch ki te pèmèt pandan twò lontan kèk konpayi kache dèyè estrikti sosyete konplike yo a pou evite lwa sou vòl salè yo ki an vigè aktyèlman yo".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.2734/A.453) ki amande Lwa sou Konpayi ak Responsabilite Limite (Limited Liability Company Law) yo pou pwoteje anplwaye yo ak salè yo dwe yo a. Pwojè lwa sa a klarifye lwa pou rann dis manm yo ki gen plis dwa pwopriyete nan nenpòt Konpayi ak Responsabilite Limite (Limited Liability Company, LLC), etranje oswa domestik, responsab pou salè yo pa peye bay anplwaye yo. Gouvènè Cuomo te pwopoze lejislasyon sa a nan kad diskou sou Eta Eta 2017 li a.

"Nou gen zewo tolerans pou nenpòt konpayi ki ap eksplwate travayè yo epi tante vòlè salè anplwaye yo ke yo travay di pou li a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa a fèmen yon brèch ki te pèmèt pandan twò lontan kèk konpayi kache dèyè estrikti sosyete konplike yo a pou evite lwa sou vòl salè yo ki an vigè aktyèlman yo."

Senatè James Skoufis te deklare, "Kèk konpayi ki gen entansyon pa pran responsabilite yo pou peye salè ke moun yo gen dwa ak yo a pa pral eksplwate anplwaye ki travay di Eta New York yo ankò. Lè nou asire ke yo trete tout LLC yo dapre menm kritè yo, nou fè yon pa siyifikatif nan pwoteje anplwaye New York yo epi mwen remèsye Gouvènè dèske li siyen pwojè lwa sa a pou vini yon lwa".

Manm Asanble Phil Steck te deklare, "Biznis yo genyen yon obligasyon pou peye anplwaye yo pou travay yo reyalize a epi nou pap tolere konpayi san eskripil sa yo ki ap eskwoke Nouyòkè yo. Nouyòkè yo travay di pou lajan yo a, epi lwa sa a pral asire ke yo peye yo chak santim yo travay pou li a. Se pou sa mwen te fyè pou patwone lejislasyon sa a nan Asanble a".

Eta New York ap kontinye pran mezi dekwa pou yo trete tout travayè yo yon fason ki ekitab epi pou yo resevwa tout salè yo merite. Depi lè Gouvènè Cuomo te pran pouvwa a nan lane 2011, Eta a te rekipere apeprè 300 milyon dola nan salè yo te vòlè epi li ranbouse yo bay plis pase 280,000 travayè.

Nouvo lwa a pral antre an vigè nan 60 jou.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)